

KOCC BARMA

Considéré comme "le philosophe de la tradition wolof, son renom est si grand que le Centre d'Etudes des Civilisations (C.E.C.) a consacré deux numéros de sa revue Demb ak tey à ce personnage quasi mythique.

Il a pourtant bel et bien existé et notre collègue Abdoul Ndiaye a reprouvé ses traces avec assez de prévisions.

Kocc Barma Fall serait né vers 1584 à Palmew sous le règne de Damel Amary Ngoné Sobel et vécut à N'Diougoué. Il est nommé Laman Diamatil par le Damel Biram Banga vers 1610 p.64-65.

Le célèbre épisode des quatre touffes pourrait se situer sous le règne de Daou Demba où Kotch connu en effet pas mal de déboires.

Mais indépendamment de cet enracinement historique, le récit a pris valeur exemplaire. Il a débordé les frontières du Cayor car on en trouve des variantes peul, mandingue et soninké. Par ailleurs il prend la force d'une démonstration péremptoire; alors qu'il n'est fondé que sur des exemples et que l'exemple n'est pas un argument, vu qu'on peut toujours trouver un autre exemple qui contredit le premier.

Dans ce recueil même on trouve au moins 2 récits où il est prouvé que la femme est digne de confiance ! Dans la vengeance de Ngnilane comme dans la fille du paysan, nous voyons des femmes qui savent tenir une parole, qui sont capable de discrétion et dont le courage est à la hauteur de celui des grandes linguères qui ne sont pas rares dans l'histoire du Cayor (NGoné Latyr.

comme dans celle de Djoloff et du Baol (Yacine Boubou, Djembeut M^e Bodj.

De même c'est un préjugé que d'affirmer qu'"un fils adoptif n'est pas un fils". C'est un peu une insule pour ces enfants orphelins de père ou de mère, qui sont pleins de gratitude pour la personne qui a pris soin d'eux.

Un fils adoptif n'est pas un fils s'il a été brimé comme c'est souvent le cas, par une coépouse jalouse ou un beau père négligent. Si on interroge les contes c'est ce cas-là qui est le plus fréquent. Voyez l'histoire des 2 Koumba: Elle est toujours située dans un contexte familial, ou l'adulte brime un enfant.

Voilà donc 2 maximes sur 4 qui sont discutables et relèvent de préjugés sociaux.

Ceci ne met point en cause la subtilité du sage du Cayor, mais il faut le comprendre dans son époque, et ne pas accorder aux proverbes une valeur absolu et éternelle.

Les proverbes aussi peuvent véhiculer une idéologie de classe " bon sang ne peut mentir", ou de caste "ou de sexe "ne fais pas confiance à ta femme".

Péncum Kocc Barma Faal

Kocc Barma ngi juddoo Njàmbur, booba ag leegi mat na ñeenti téémééri at. Yàlla mayoon na ko xel Ìmoo xam né dafa waaroon ñépp, ci jamanoom. Jamano ju mettiwoon la ndax doolee fa doon dox. Foo tollu ñu naan la dooleey bëré.

Kocc amoon na ay taalibé yu bari, yu mu daan jàngal wax, xam-xam ag jamano ndax jamano mooy yee nit.

Kocc a ngi ci kërëm di daas ay juntuwaayam ngir dem tool, am ku ko fa fekk né ko :

- "Kocc, dama ñowoon seetsi la, ngir di la tàggu ndax dama bëgg dem Waalo seeti fa liggéey, ndax fii ndox mi barewu fi."

Kocc tontu, né ko :

"li ngay seeti Waalo am na fi. Mbey ag suuf. Soo demee sa kër dina nëñ-rëñi, sa njaboot torax. Nawet baa ngiy dikk na nga ko waajal te xaar Yàlla."

Ba kooku génnee, keneen dugg né ko :

Laaj : Kocc dama bëgg nga abal ma sémmin.

Tontu : Mën naa ko, waaye du jamano jii, nu tollu, ndax nawet dañu koy fagarul.

Laaj : Kocc, lu waral ñeenti jubba yi ci sa bopp ?

Tontu : Loolu sekkere la. Moom laa bëgg ku ma ko tekkil. Ku ko tekki mën nga maa rey.

Ba kooku génnee am ñaari nit yu dugg né dañu bëgg kocc àatte leen.

Ki Jëkk : Kocc, danu ñow seetsi la ndax nit kii dafa nekk ci sama suuf, boobag leegi ñetti nawet la, te du ma jox muukk ab jëg.

Ki ci des : Ba ma dalee bey tool bi ag leegi fukki at la, juroom ñetti at yu jëkk yi jox naa ko jëg ; at yi mujj yépp nag suff si dafa ñàkk doole, sumag njaboot yokku, li may góób bu doyul sama waakër, duma ci mën géenne jëg di ko ko jox. Liggéey naa tool bi, mu bëgg koo jël jox ko keneen.

.../...

Ba mu ko defee kocc woo ay taalibeem laaj leen ku ne lu mu xam ci mbir mi.

Aale Niaay (doomu Buurba Jolof) : Boroom tool bi am na dëgg, war na mën jël toolam.

Samba Wàn : (doomu Almaami ca Fuuta) : Bu garmi yi mënatul am jëg ci seen suuf, ku leen di dundal ? Boroom tool mën na nangu suufam saa su ko béggee.

Kocc : Dëkkandoo jàmm a ca gën. Yow garmi bi, bu la sa doole jey. Nit day yërémé. Na nga déglu waxi mag ña. Suuf ñëpp a ko bokk, ku ne am na ci wàll. Nan ngeen yaakaare doxale seen nguur ? Bu fekee ni ñii dañuy am ñii di ñàkk, loolu du jur jàmm. Dëkk bi du mën naat mukku bu ñii di torox ; ñii di tedd. Na ngeen de-faroo ba kenn du mer.

° ° °

Jubbi Kocc Barma

Kocc a ngi ci kër Buur.

Buur : Dama dégg ñu né yaa né jubbi yi ci sa bopp, kenn xamul lu mu tekki te ku ko tekki mën na laa rey.

Kocc : Waaw.

Buur : Daanu ko seet maag yow.

Kocc : Baax na.

Buur : Baax a gën bon.

Kocc génn. Nu teg ci ay fan, Buur woote. Ba mbooloo mi yembee, teew, Buur né :

Kocc dafa yaakaar né réew mi moo fi ëpp xel. Lu ko soob mu wax leegi. Kocc néwóon na ku tekki jubbi yi ci boppam mën nga koo rey. Dinaa ko tekki nag jot bakkanam !

Noonu, Buur di lim :

(Benn) 1 : Jigéen soppal te bul wóolu.

(Naar) 2 : Doo mu jiitlé du doom.

(Nett) 3 : Mag mat naa bàyyi cib dëkk.

(Neent) 4 : Buur du mbokk.

.../...

Leegi nag Kocc maa la moom waaye bala maa yegg ag yow fenn, damaa bëgg nga wax ma lu tax nga né jigéen soppal te bul woòlu.

- Kocc : Jaan su boppam di metti ci biir ndox mi, bu ko picc mi ci kaw garab gi xamee, bar a ko ko wax, ndax moo dëkk ci biir ndox mi ag ci kow garab gi. Woòr na ma né, li la xamal samay jub-b yii, li mu wund, sama jabar feggu ci.

- Buur : Wax nga dëgg, dama ko jënd ag wurus.

Wax nu leegi lu tax nga ni doomu jiitlé du doom.

- Kocc : Doomu jiitlé su mäggee, baax, ay waajuram nangu ko féétéwoo njariñam. Su bonee, ñu né yaa ko yàq. Na nga ko wéétéwoo.

Ba Kocc laata yeggal, doomu jiitléem yegsi, ni ko :

"Nijaay, xawma ndax danga buuré wàlla déet, waaye su fekkee né dañu la wara reyi, booy dem na nga ma fi bàyyil sama mbubb, bu ko taqal deret :"

Kocc ni mbooloo ma : Xam ngeen né kii, bu doon doom ju ma jur, dina jaay deretam ngir ma mucc. Te ñu né kii su ma deewoon tey moo may donn. Loolii du yoon.

Fa Kocc di daaneele, mag ñi né Buur : "Ku mel ni Kocc mat naa bàyyi cim réew ndax nu mën jariñoo ci xam-xamam. Soo ko reyeed dinga yàqal sa bopp lu bari. Bu dul yow sax di nun : ndax Kocc mbokk la dib xarit soo ko reyeed daañu am tiis wu metti.

- Buur : Wax ngeen dëgg, waaye su ma leen bàyyeeg Kocc, na nu wax lu waral ñaari dëgg yi ci des.

- Kocc : Buur, xawma ndax dinga ma baal am deet, waaye soo ma baale waxi mag ñee tax. Benn.

Naareel ba, dafa amoon ci ay jamano, buur boo xam né lu mu xalaat rekk, jëf ko, mu xëy benn bés dogal né na ñu rey magi dëkk bi yépp. Simlaag-saala dëkk bi yépp téñj, ñii doon ay jirim. Ñu joge ca loolu, mu né dafa bëgg ñu tabaxal ko taax mu dul laal suff. Népp jaaxle. Mu am ci xaley dëkk bi ku nēbboon baayam ba reyufu ko ; mu dem ci baayam xamal ko bëgg-bëgg Buur. Góor gi né ko :

.../...

"bu ngeen demee na ngeen ñaan Buur mu tegal leen xeer wi jëkk ci taax mi".

Ba ñépp yembee, ku ne di seet nan lañu mën def ba tabax bi taxaw. Xale bi né Buur :

"Danu lay ñaan nga tegal nu xeer wi jëkk ci tabax bi.

Buur né tekk ba mu yàgg, né mbooloo mi :

Amna ku mag kuy dund ci dëkk bi, na ñu ma ko indil mu may xalaatal".

Loolu moo waral ñu naan mag mat naa bàyyi cib dëkk ndax gis baa sori.

- Buur : Waxati nga dëgg Kocc. Leegi nag des na dëgg gi ma gëna soxlaal.

- Kocc : Buur du mbokk, ndax yow sama doom-baay nga, Faal nga sant, ma sant Faal. Loolu teewul nga taxaw nar ma rey. Bu dul loolu, di lii :

"Fu Buur mas faloo, nguuram daf ciy teg bàkkanam. Te Buur xam na né li koy folli ci këram lay joge, moo xam ciy xaritam mbaa ci néégu ndeyam, mbaa néégu baayam. Loolu moo tax bu Buur faloo, dina faral di rey ci ñaari néég yooyu. Ndax dinga bokk ag nit, soo ko yoree te bëggoo ko jege, dinga fexe ba kenn bañ la ko mëna laaj, yow doññ nga féétéwoo ko.

- Buur : Kocc waxati nga dëgg. Bés nikki tey, dinaa la fal Laman.

Foofu la Kocc doxe nekk Laman ci Kajoor.
